

## POU W KA RESEVWA RANBOUSMAN OU, BAY DEPATMAN FINANS VIL NEW YORK ADRÈS POSTAL OU POU MOMAN AN

Si adrès postal ou te chanje, ou dwe soumèt yon fòm Avi pou Chanje Adrès pou Ranbousman Lajan Kosyon bay Inite Byen Tribinal Depatman Finans Vil New York la. Epitou, ou ka chwazi yon lòt moun pou resevwa lajan kosyon an, kote ou abandone dwa ou pou resevwa lajan kosyon an, lè ou ranpli fòm Avi pou Transfere Lajan Kosyon an. Apre yo fin travay sou fòm sa a, y ap bay moun ou te chwazi pou resevwa chèk ranbousman an li.

**Pou telechaje fòm ki gen pou wè ak lajan kosyon, al gade nan [www.nyc.gov/finance](http://www.nyc.gov/finance).**

Ou ka kontakte Depatman Finans si ou gen nenpòt kesyon tou. Si ou bezwen enfòmasyon ajou konènan yon dosye tribinal, ou ka kontakte tribinal ki apwopriye a nan youn nan nimewo telefòn yo ki anba la a pou poze kesyon sou estati dosye ou a. Pa bliye genyen nimewo dosye ou ak nimewo TR ou bò kote ou.

Konte	Lakou Penal	Lakou Siprèm
New York	646-386-4509	646-386-4000
Bronx	718-618-2460 718-618-1592	718-618-3100
Richmond	718-675-8558	718-675-8760
Kings	347-404-9400	347-296-1305 347-296-1122
Queens	718-298-0792	718-298-1317

## POU JWENN ÈD

### Sou Entènèt

[nyc.gov/contactcashbail](http://nyc.gov/contactcashbail)

### Telefòn

212-908-7619

9 a.m. jiska 4 p.m.

Lendi jiska vandredi

### Fas a fas

Manhattan Business Center

66 John Street, 2nd Floor

New York, NY 10038

Lendi jiska vandredi

8:30 a.m. jiska 4:30 p.m.

### Kourye Lapòs


NYC Department of Finance

Court Assets Unit

66 John Street, 12th Floor

New York, NY 10038

## Piga ou Pèdi Ranbousman Kosyon ou a



**NYC**  
Department of Finance

## DEPATMAN FINANS VIL NEW YORK LA KENBE LAJAN KOSYON

Rezon ou resevwa tiliv sa a ki dekri pwosesis lajan kach la se paske ou fenk sot peye kosyon. Depatman Finans Vil New York la pral kenbe lajan ou a jiskaske tribinal la mande nou pou remèt li. Lè sa a, n ap remèt ou lajan an.

W ap jwenn deskripsyon pwosesis kosyon an anba la a. Jan ou pral wè, ou te deja fè pati pa ou a.

- Yon garan (moun ki peye kosyon an) peye kosyon an pou yo ka lage moun nan pandan l ap tann pou ale nan trbinal.
- Dosye a fèmen oswa yo "egzonere" kosyon an. Ou menm, garanan, gen dwa pou resevwa yon ranbousman kounye a. Sis (6) a uit (8) semèn apre, tribinal la pral mande Depatman Finans pou li bay ranbousman ou an.
- Nan de (2) semèn, nou pral voye chèk ranbousman ou an ba ou nan adrès nou gen nan dosye nou an.

Men kisa pou w fè pou w ka suiv ranbousman ou an epi resevwa lajan ou a pi vit:

1. Enskri ak Depatman Finans
2. Enskri pou sèvis e-Track gratis Sistèm Tribinal Inifye Eta New York gratis la


## ENSKRI AK DEPATMAN FINANS VIL NEW YORK

Pou garanti ou resevwa ranbousman ou an pi vit posib:

**Enskri nan [www.nyc.gov/contactcashbail](http://www.nyc.gov/contactcashbail)** epi mete tout enfòmasyon pou kontakte ou pou nou ka kontakte ou lè pou trete ranbousman kosyon ou an.

Anba bwat "Mesaj" la, jis antre mo "Enskripsyon" an.

Epi, enskri pou sèvis e-Track gratis Sistèm Tribinal Inifye Eta New York gratis la



## ENSKRI POU SÈVIS E-TRACK LA

Enskri pou sèvis e-Track gratis Sistèm Tribinal Inifye Eta New York gratis la ki pèmèt ou resevwa imèl otomatize avèk nouvèl ak rapèl pou prezante chak fwa tribinal la fè chanjman sou dosye a nan sitèm enfòmasyon.

Pou enskri pou sèvis e-Track gratis Sistèm Tribinal Inifye Eta New York gratis la epi tcheke kote yo ye ak ranbousman ou an, al gade nan [www.nycourts.gov](http://www.nycourts.gov) epi chwazi "e-Track."

Kreye kont ou, chwazi "Create Account" (Kreye Kont) anba "All Others" (Tout Lòt).

Apre ou fin enskrip ou e-Track, ou pral kapab resevwa nouvèl ak rapèl pou prezante pou dosye ki aktif pa imèl.

